

NaMutungamiri Henry B. Eyring
Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga

Rutendo paZuva reSabata

KuVatendi vaMazuva Ekupedzisira, Sabata izuva rerutendo nerudo.

Mabhuradha nemasisita angu anodikanwa akapararira nepanyika muChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupe-dzisira, ndinotenda kuti Mutungamiri Thomas S. Monson vandikumbira kuti nditaure mumusangano mukuru pazuva rino reSabata. Ndinonamata kuti Mweya Mutsvene uchakubatsirai kunzwisisa kukosha nehuchokwadi hwezvandinotaura.

Nhasi ndinoda kutaura pamusoro pekunzwa kwemwoyo. Kunzwa kwandichanangana nako ndekwe rutendo—kunyanya pazuva reSabata.

Tinonzwa kutenda nokuda kwezvinhu zvakawanda: tsitsi dzinobva kumunhu watisingazivi, zvokudya apo patinenge tinenzara, imba isingabvinzi yokugara apo matutu paanouya, pfupa rakavhunika rinopora, uye kuchema kune simba kwemwana mucheche achangozvarwa. Vazhinji vedu tinoyeuka tichinzwa rutendo panguva dzakadaro.

KuVatendi vaMazuva Ekupedzisira, Sabata inguva yakadaro, zvechokwadi izuva, rerutendo nerudo. Ishe vakaraira Vatendi muDunhu reJackson,

Missouri, muna 1831 kuti minamoto yavo nekutenda kwavo zvinofanira kunangiswa kuna Mwari. Vatendi vokutanga vakapuwa zvakazarurwa pamusoro pemachengetero okuita zuva reSabata uye kuti vanotsanya nokunamata sei.¹

Ivo, uye nesu, takaudzwa naIshe kuti tinonamata nokupa kutenda sei paSabata. Sokuziva kwamunoita, chakanyanya kukosha rudo rwatinonzwa kuvapi vezvipo. Haano manzwi aIshe ekuti tinopa kutenda sei uye kuti tinoda sei paSabata.

“Ndinopa kwavari murairo, ndichiti: Idai Ishe Mwari venyu nemwoyo venyu yose, neshungu dzenyu dzose, nepfungwa dzenyu dzose, nesimba renyu rose; uye nemuzita raJesu Kristu muchavashandira. . . .

“Mutende Ishe Mwari wenyu mune zvinhu zvose.

“Mupe mupiro kuna Ishe Mwari wenyu mukururama, kunyangwe uyo wemwoyo wakatyoka uye nemweya wakapfava.”²

Uye zvino Ishe vanoenderera mberi nekuyambira nezve njodzi kana tikitadza kutenda Baba Vokudenga

naJesu Kristu sevapi vezvipo: “Uye hapana chimwe chinoita kuti munhu agumbure Mwari, kana kuti hakuna wavanoshatirirwa, kunze kweavo vasingatende ruoko rwavo muzvinhu zvo-se, uye vasingateereri mirairo yavo.”³

Vazhinji venyu vakateerera munotowana rufaro muSabata sezuva rokurangerira nekupa kutenda kunaMwari nokuda kwemaropafadzo. Munorangarira rwiyo runozikanwa:

*Kana wakamomoterwa nenhamo,
Kana waora mwoyo, uchifunga
warasikirwa nezvese,
Verenga zvikomborero zvako
zvizhinji; zvidome chimwe
nechimwe
Zvichakushamisa zvakaitwa
naIshe.*

*Verenga zvikomborero zvako;
Zvidome chimwe nechimwe
Verenga zvikomborero zvako;
Uone Mwari zvaaita. . . .*

*Unoremerwa here nemutoro?
Muchinjikwa warema here
wawapuwa?
Verenga zvikomborero zvako
zvizhinji; uchagutsikana,
Uchaimba mukufamba
kwemazuwa.⁴*

Ndinotambira tsamba nekushanyirwa kubva kuVatendi vaMazuva Ekupedzisira vakatendeka avo vanonzwa kuremerwa nemitoro yakawanda zvikuru. Vamwe vavapedyo nokunzwa kuti, kwavari ivo pachavo, varasikirwa nezvose. Ndinovimba nokunamata kuti zvandinotaura pamusoro pekuva nekutenda

paSabata zvichabatsira kuita kuti mugutsikane uye kuti kuimba kutanga mumwoyo menyu.

Ropafadzo rimwechete ratinokwanisa kutenda naro nderekuti tirimo mumusangano wesakaramende chose, takaungana nevakawanda kupinda mumwechete kana vaviri vevadzidzi vavo muzita Ravo. Kune vamwe vari kumba vasingakwanise kumuka kubva pauraro hwavo. Kune vamwe vanoda kuva kwatiri asi panokudaro vari kushanda muzvipatara vachipa ruponeso kuvanhu vose kana kuti vari kutidzivirira vachiisa hupe nyu munjodzi vari kune rimwe gwenge kana sango. Chokwadi chekuti tinokwanisa kuungana kunyangwe nemumwe Mutendi mumwechete uye totora sakaramende chinozotibatsira kutanga kunzwa rutendo nerudo nokuda kwetsitsi dzaMwari.

Nokuda kweMuporofita Joseph Smith uye vhangeri rakadzorerwa, rimwe ropafadzo ratinokwanisa kuverenga nderekuti tine mukana wekutora sakaramende vhiki yoga yoga—iyo inenge yagadzirwa, yaropafadzwa, uye yagoverwa nevaranda vanemvumo vaMwari. Tinokwanisa kutenda apo Mweya Mutsvene paunosimbisa kwatiri kuti manzwi emunamato wesakaramende, anopuwa neavo vane hupirisita vanemvumo, anokudzwa naBaba vedu Vokudenga.

Pamaropafadzo ose atinokwanisa kuverenga, gurusu nekure ndere kunzwa kweruregerero uko kunouya patinodya sakaramende. Tinozonzwa rudo nerutendo rukurusa neMuponesi, uyo kuzvipira kwake kusina mugumo kwakaita kuti zvikwanisike kuti ticheneswe kubva muchivi. Apo patinodya chingwa nemvura, tinorangarira kuti Akatitamburira. Uye apo patinonzwa rutendo nezvaAkatiitira, tinozonzwa rudo Rwake kwatiri uye rudo rwedu kwaAri.

Ropafadzo rerudo rwatinotambira rinozoita kuti zvive nyore kwatiri kuchengeta murairo weku “murangarira nguva dzose.”⁵ Unokwanisa kunyangwe kunzwa rudo norutendo, sekunzwa kwandinoita ini, neMweya

Mutsvene, uyo Baba Vokudenga wava-kavimbisa kuti uchagara uinesu apo tinoramba takatendeka kuzvibvumirano zvatakaita. Tinokwanisa kuverenga maropafadzo ose aya pamusi weSvondo wega wega uye tonzwa rutendo.

Sabata inguvawo yakanakisisa yokurangarira chibvumirano chatakaita pamvura yerubhabhatidzo chekuda nokushandira vana vaBaba Vokudenga. Kuzadzikisa vimbiso iyoyo paSabata kunozosanganisira kutora chinhanho mukirasi kana muchikwata nechinangwa chizere chemwoyo chokuvaka ruvimbo nerudo pakati pemabhuradha nemasisita aripo nesu. Vimbiso iyoyo inozosanganisira kuzadzikisa nerufaro mabasa edu emuchechi.

Ndinotenda nemisi yeSvondo mizhinji yandakadzidzisa chikwata chemadhikoni muBountiful, Utah, pamwechete nekirasi yeChikoro cheSvondo muIdaho. Uye ndinorangarirawo nguva dzandakashanda semubatsiri kumudzimai wangu munesari, umo basa rangu guru rai va rokupa vana matoyi ekutambisa nekuzoauanganidza.

Akava makore mazhinji ndisati ndaziva nokuburikidza neMweya kuti kushandira Ishe kwangu kudiki uku kwaikosha muupenyu hwevana vaBaba Vokudenga. Kuchishamiso changu, vamwe vavo vakarangarira uye vakanditenda nekuedza kudiki kwangu kuvashandira ndakamirira Tenzi pamazuva eSabata iwayo.

Sezvazvinoita kuti dzimwe nguva hatikwanisi kuona mibairo yekushanda kwedu pachedu kwatinopa paSabata, tingangotadza kukwanisa kuona shanduro dzakawanda dzevamwe varanda vaIshe. Asi Ishe vari kuvaka umambo Hwavo chinyararire kuburikidza nevaranda Vavo vakavimbika uye vakaninipa, zvisingashambadzi kunyika, hwakananga kukubwinya kwahwo kwezviuru zvevakore kuchauya. Zvinotora Mweya Mutsvene kuona kukura kurikuita kubwinya kwahwo.

Ndakakura ndichienda kumisingano yesakaramende muchibazi

chidiki diki cheNew Jersey maiva nenhengo shomanana chete nemhuri imwechete, iyo yaiva yangu. Makore makumi manomwe akapfura, ndakabhabhatidzwa muPhiladelphia muchaperi imwechete yakavakwana neChechi yataikwanisa kuenda muPennsylvania kana muNew Jersey. Asi apo pakwaiva nekabazi kadiki kamwechete muPrinceton, New Jersey, nhasi kwava nemawadhi makuru maviri. Uye mazuva mashoma apfuura ayo, zviuru zvevanhu vechidiki zvakatora chinhanho mumpemberero aizoteverwa nekutsaurwa kweTemberu yePhiladelphia Pennsylvania.

Semukomana wechidiki, ndakaidzwa semushumiri wemudunhu umo matainamata pamisi yeSvondo muchaperi imwechete yaiva muAlbuquerque, New Mexico. Nhasi kune temberu nemasiteki mana.

Ndakabva muAlbuquerque kuti ndiende kuchikoro muCambridge, Massachusetts. Kwaiva nechaperi imwechete uye dunhu raipararira nemunzvimbo zhinji yeMassachusetts neRhode Island. Ndakachaira motokari nemuzvikomo zvenyika yakanaka iyoyo kuenda kumisangano yesakaramende mumapazi madiki, mizhinji yaiva muzvivako zvidiki zvairendwa kana kuti mudzimba diki dzaiva dzagadzirwa kuti dzikwanise kuitirwa misangano. Iye zvino kwava netemberu inoyera yaMwari muBelmont, Massachusetts, uye masiteki akapararira nemunzvimbo iyoyo yose.

Zvandaikwanisa kuona pachena nguva iyoyo kwaiva kuti Ishe vaidurura Mweya Wavo pavanhu vaiva mumisangano yesakaramende midiki iyoyo. Ndaikwanisa kuzvinzwa, asi handina kukwanisa kuona makuriro ezvinangwa zvaIshe uye nguva Yavo pakuvaka nokukukudza umambo Hwavo. Muporofita, kuburikidza nezvakazarurwa, akaona uye akanyora izvo zvatava kukwanisa kuona pachedu isu. Nifai akati huwandu hwese hwedu hahwuzovi hukuru asi kuti huwandu hweshanduro hwunozova hunoshamisa zvikuru.

“Uye zvakaikita kuti ndakatarisa chechi yeGwayana raMwari, nehuwandu hwayo hwaive hushoma. . . .

“Uye zvakaikita kuti ini, Nifai, ndakaona simba reGwayana raMwari, kuti rakadzika pavatendi vechechi yeGwayana, nekune vanhu vechibvumirano chaIshe, vakange vakapararira nepasi pose; uye vakanga vakapakatira ururami nesimba raMwari mukukudza kukuru.”⁶

Mumukuwo uno, tsananguro yehuporofita yakafanana nayo yemamiriro edu uye mikana iri mberi yakanyorwa muDzidziso neZvibvumirano:

“Hamusati mave kunzwisisa kukura kwemaropafadzo anaBaba mumaoko avo uye akagadzirirwa imi;

“Uye hamukwanise kutakura zvinhu zvose iyezvino, zvisinei ivai makafara, nokuti ini ndichakutungamirai. Umambo ndehwenyu uye nemaropafadzo arimo ndeenyu, uye neupfumi hwekusingaperi ndehwenyu.

“Uye uyo anogashira zvose zvinhu *nokutenda* acharopafadzwa; uye zvinhu zvepano pasi zvichapamidzirwa kwaari, kunyangwe zvakapetwa kazana, hongu, kana kupfuura.”⁷

Ndakanzwa shanduro iyoyo yerutendo runokura rwemaropafadzo nerudo rwaMwari zvichiwedzera nepakati peChechi. Zvinotaridzika kunyanya kukura pakati penhengo dzeChechi munguva nemunzvimbo umo munenge mune zviyedzo zveruvimbo rwavo, umo mavanofanira kuteterera kuna Mwari kuti vabatsirwe kunyange pakuenderera mberi chaiko.

Nguva dzatichapfuura nemadziri dzichava nemadziri zviyedzo zvakaoma, sezvadzakanga dzakaita kuvanhu vaAruma vari pasi paAmuroni aiva

neutsinye, uyo akaisa mitoro pamisana yavo yairema zvikuru kwavari kuitakura.

“Uye zvakaikita kuti izwi raIshe rakauya kwavari mumatambudziko avo, richiti: Simudzai misoro yenyu uye munzwe kunyaradzwa, nokuti ndinoziva chibvumirano chamakaita kwandiri; uye ndichabvumirana nevvanhu vangu ndigovabvisa muusungwa.

Uye ndicharerutsa mitoro inoiswa pamapfudzi enyu, zvekuti imi hamuzoinzwa kurema kana dai iri kumisana yenyu, kana dai muri muusungwa; uye izvi ndinozviita kuti mugove vapupuriri vangu ndabva pano, uye kuti mugoziva nechokwadi kuti ini Ishe Mwari, ndinoshanyira vanhu vangu mumatambudziko avo.

“Uye zvino zvakaikita kuti mitoro yakaiswa pana Aruma nehama dzake yakarerutswa, hongu, Ishe vakavasingbisa kuti vatakure mitoro yavo zvinoyore-nyore, uye vakatambira norufaro nemwoyo murefu zvose zvaaidikana naIshe.”⁸

Iwe neni tiri vapupuri kuti apo pose patakachengeta zvibvumirano zvedu naMwari, kunyanya apo pazvainge zvakaoma, Vakanzwa minamoto yedu yokutenda neizvo zvaVakatotiitira uye vakapindura munamoto wedu wekukumbira simba rokushingirira noruvimbiko. Uye kakawanda kupinda kamwechete Vakaita kuti tive nerufaro pamwepo nesimba.

Ungangova unoshama kuti chii chaungakwanisa kuita kurarama nokunamata pazuva rino reSabata kuitira kuti utaridze rutendo rwako uye kuti uzvisimbise iwe pachako uye usimbise vamwe kuzviyedzo zvakatimirira mberi.

Unokwanisa kutanga nhasi nemunamato wako pachako newemhuri wekutenda nezvese izvo Mwari zvakakuitira. Unokwanisa kunamata kuti uzive izvo Ishe zvavanoda kuti uite kuVashandira uye kushandira vamwe. Kunyanya, unokwanisa kunamata kuti Mweya Mutsvene ukuudze nezve mumwe munhu akasurikirwa kana anoshaya uyo Ishe wavanoda kuti uende kwaari.

Ndinokuvimbisa kuti minamoto yako inozopindurwa uye apo paunoita sezvaunoudzwa mumhinduro yaunozotambira, unozowana rufaro muSabata, uye mwoyo wako uzozara chaizvo nerutendo.

Ndinopupura kuti Mwari Baba vanokuziva uye vanokuda. Muponesi, Ishe Jesu Kristu, akadzikinura zvivi zvako nokuda kwerudo kwaari. Ivo, Baba neMwanakomana, vanoziwa zita rako sokuziva kwaVaiita zita reMuporofita Joseph Smith apo paVakazviratidza kwaari. Ndinopupura kuti ino iChechi yaJesu Kristu uye kuti Achakudza zvibvumirano zvaunoita nokuvandudza naMwari. Hunhu hwako chaihwo hwuchashandurwa kuva hwakanyanya kufanana neMuponesi. Uchadzivirirwa zvakasimba kubva kuchiedzo uye kubva kukunzwa kwekusatenda pamusoro pechokwadi. Uchawana rufaro muSabata. Izvi ndinokuvimbisai nemuzita raIshe Jesu Kristu, ameni.


ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Dzidziso neZvibvumirano 59.
2. Dzidziso neZvibvumirano 59:5, 7–8.
3. Dzidziso neZvibvumirano 59:21.
4. “Verenga Zvikomborero Zvako,” *Nzinyo*, no. 241.
5. Moronai 4:3; 5:2; Dzidziso neZvibvumirano 20:77, 79.
6. 1 Nifai 14:12, 14.
7. Dzidziso neZvibvumirano 78:17–19; kusimbisa kwakawedzera.
8. Mosaya 24:13–15.

Dzidziso dzeNguva Yedu

Kubva muna Mbudzi 2016 kusvika muna Kubvumbi 2017, Zvidzidzo zveHupiri-sita hwaMerkizedeki nezveChita cheRubatsiro zveSvondo yechina zvinofanira kugadzirirwa kubva munhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapihwa mumusangano mukuru waGumiguru 2016. Muna Kubvumbi 2017, nhaurwa dzingangosarudzwa kubva mumusangano mukuru waKubvumbi kana waGumiguru. Vatumamiri vesiteki nevematunhu vanosarudza nhaurwa dzinozoshandiswa munharaunda dzavo, kana kuti vangangogovera basa iri kumabhishopi nevatumamiri vemapazi.

Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva ku **conference.lds.org**.



NaMutungamiri Thomas S. Monson

Gwara Rakarurama rekuRufaro

Ndinopupura nezve chipo chikuru icho chinova chironywa chaBaba vedu kwatiri. Ndicho gwara rakarurama rekurunyararo nerufaro.

Mabhuradha nemasisita angu anodikanwa, mose imi muri muno muImba yeMusanganano Mukuru nemi muri nepanyika pose, ndinotenda zvikuru nemukana wekugoverana pfungwa dzangu nemi magwanani ano.

Makore makumi mashanu nemaviri akapfuura ayo, muna Chikunguru 1964, ndakanga ndine basa muGuta reNew York panguva Shoo yePanyika pose payaitwa ikoko. Mamwe magwanani-gwanani ndakaenda kunoshanyira Mormon Pavilion iyo yaiva sitendi yezviratidzwa zveChechi kushoo. Ndakasvika chinguva chidiki vavakuda kutaridza firimu reChechi rinonzi *Man's Search for Happiness*, (*Kutsvaga kweVanhu Rufaro*) rinotaridza chironywa cheruponeso iro rava firimu rinozikanwa chaizvo muChechi. Ndakagara pedyo nemumwe murume wechidiki uyo pamwe aiva nemakore makumi matatu nemashanu ekuzvarwa. Takataura kwenguva diki. Akanga asiri nhengo yeChechi yedu. Zvino magetsi akadzimwa uye firimu rikatanga kuratidzwa.

Takateerera kuinzwi remuturukiri

apo paaibvunza mibvunzo yakakosha uye yomunhu wese: “Ndakabva kupi?” Sei ndiri pano? Ndinoenda kupi kana ndasiya upenyu huno? Munhu wese aivapo aida chaizvo kunzwa mhinduro, uye munhu wese akatarisa chaizvo pamifananidzo yaitaridzwa. Tsanangu yeupenyu hwedu tisati tauya pano pasi yakapuwa, pamwepo netsananguro yechinangwa chedu panyika. Takaona mufananidzo unobata pamwoyo wekusiya hupenyu huno kwevamwe sekuru vakanga vakwegura uye kusangana zvakare kwavo kwakanakisisa nevadikani avo vakanga vatungamira mberi kwavo kuenda kunyika yemweya.

Pamagumo echiratidzo chakanaka ichi chechironywa chaBaba vedu Vokudenga kwatiri, mhomho yevavhu yaivamo yakabuda chinyararire, vazhinji vachiratidza kubatwa pamwoyo neshoko refrimu. Mushanyi wechidiki uyo akanga ari pedyo neni haana kusimuka. Ndakamubvunza kana akanga anakidzwa nezvakanga zvaratidzwa. Mhinduro yake yaiva nesimba yaiva yokuti: “Ichi ichokwadi!”

Chironywa chaBaba vedu kurufaro

rwedu uye kuruponeso rwedu chinodzidziswa nevashumuri nepanyika pose. Havasi vose vanonzwa shoko reumwari iri vanoribvuma nokuritambira. Zvisinei, varume nevakadzi kwese kwese, sezvakangoitwa neshamwari yangu yechidiki kuShoo yePanyika yekuNew York, vanoona huchokwadi hwacho, uye vanosarudza zvakasimba kutevera gwara iro rinozovatungamirira zvakanaka kumusha. Hupenyu hwavo hunoshandurwa nariini.

Chakakosha zvikuru kuchironywa ichi Muponesi wedu, Jesu Kristu. Pasi na kuzvipira kwake kwerudzikinuro, munhu wose aizoramba akarashika pamweya. Hazvina kukwana, zvisinei, kungotenda maAri nemubasa Rake. Tinofanira kushanda nokudzidza, kunzvera nokunamata, kutendeuka nokuzvinatsudzira. Tinofanira kuziva mitemo yaMwari uye toirarama. Tinofanira kutambira zvisungo zvinoponesa Zvavo. Chete nokuita izvi ndipo patinozowana rufaro rwechokwadi rwekusingaperi.

Takaropafadzwa *kuva* nechokwadi. Tine basa *rekugovera* chokwadi. *Ngatiraramei* chokwadi, kuitira kuti tigowana izvo zvose Baba zvanazvo zvedu. Hapana chavanoita kunze kwekunge chiri chinozotiyamura. Vakatiudza kuti, Iri ndiro basa rangu nekubwinya kwangu—kuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwevanhu.”¹

Nehuchokwadi hwakadzama uye nekuzvinipisa kwakadzama, ndinopupura nezve chipo chikuru icho chinova chironywa chaBaba vedu kwatiri. Ndicho gwara rimwechete rakarurama rekurunyararo nerufaro zvose pano nemunyika ichauya.

Mabhuradha nemasisita angu, ndinosiya nemi rudo rwangu neropafadzo rangu apo pandinopedza, uye ndinoita kudaro nemuzita reMuponesi neMununuri wedu, kunyangwe Jesu Kristu, ameni.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. Mosei 1: 39.